**QARAQALPAQSTAN MEDICINA INSTITUTÍ**

**BUYRÍǴÍ**

**2023-jıl 25-sentyabr** **159** **Nókis qalası**

Ózbekstan Respublikası Joqarı tálim, pán hám innovatsiyalar ministrliginiń 2023-jıl 14-sentyabrdegi 415-sanlı «Joqarı oqıw orınlarında qawip-xaterler analizine tiykarlanǵan bilimlendiriw sapasın monıtoringin engiziw haqqında» buyrıǵında keltirilgen wazıypalardı orınlanıwin táminlew maqsetinde

**BUYÍRAMAN:**

1. **Oqıw isleri boyınsha prorektorı (M.Kurbanazarov) hám Bilimlendiriw sapasın qadaǵalaw bólimi**

1.1. 2023/2024 oqıw jılınan baslap:

Institutta bilimlendiriw sapasın monıtorıng qılıw hám de bahalaw 1-qosımshada keltirilgen **indikatorlar, maǵlumat jıynaw dárekleri** hám **usılları** tiykarında hám de **bilimlendiriw sapasın bahalaw kriteryaları** 2-qosımshaǵa muwapıq ámelge asırılıwı shólkemlestirilsin;

monıtorıng hám bahalaw nátiyjelerine kóre QMI kafedraların "jasıl", "sarı" hám "qızıl" taypalarǵa ajıratıw tártibin engiziw hám bul tártiptiń tiykarǵı kriteryaları etip tómendegiler belgilensin:

**a. Jasıl taypa:** joqarı nátiyjelerge erisken hám bilimlendiriw sapasınıń belgilengen standartları tiykarında iskerlik júrgizeip atırǵan kafedralar;

**b. Sarı taypa:** belgilengen bilimlendiriw sapası standartlarına juwap beretuǵın kafedralar;

**c. Qızıl taypa:** belgilengen bilimlendiriw sapası standartlarına juwap bermeytuǵın hám sezilerli ózgerislerge mútáj bolǵan kafedralar.

hár oqıw jılı juwmaǵınan keyin institut bahalaw kriteryaları boyınsha jıllıq esabat tayarlasin.

Esabatda bilimlendiriw sapası menen baylanıslı mashqalalardı nátiyjeli sheshiwge tiyisli usınıslar islep shıǵılsın.

1.2. Institutta barlıq bólimlerge tiykarǵı kórsetkishlerine tiyisli maǵlıwmatlardı Joqarı tálimdi basqarıw informaciya sisteması (HEMIS) platformasinda turaqlı jáne tolıq kiritip barılıwın támiyinlew wazıypası júkletilsin.

1.3. Tómendegiler:

tiykarǵı kórsetkishlerdi asırıp kórsetiwshi jalǵan maǵlıwmatlardı sistemaǵa kirgiziwge jol qoyılmawı;

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: CR76345830

studentlerdiń sorawnamada erkin pikir bildiriwlerine imkaniyat jaratiw;

sorawnamalar hár jılı **1-20**-iyun kúnleri ótkeriliwi belgilep qóyılsın.

1.4. Institut bilimlendiriw sapası natiyjeliligi boyınsha monıtorıng nátiyjelerin hár jılı **1-iyulǵa** shekem administraciyaǵa usınıs etip barılsın;

**2. Sanlı bilimlendiriw texnologiyaları orayı (K. Saitov):**

2.1.HEMIS sistemasında 1-qosımshada keltirilgen tiyisli indikatorlar tiykarında maǵlıwmatlardı yarım jıllıq hám jıllıq tártipte ulıwmalastırılsin.

3. **Dekanlar hám marketing bólimi.**

Ministrliktiń sorawnama sisteması (survey.edu.uz)da studentler hám de jumıs beriwshilerdiń bilimlendiriw sapasın bahalawǵa tiyisli pikirlerin uyreniwshi modullarda sorawnamada qatnasıwı táminlensin.

4. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalawdı óz juwapkershiligimde qaldıraman.

**Tiykar:** Ózbekstan Respublikası Joqarı tálim, pán hám innovaciyalar ministrliginiń 2023-jıl 14- sentyabrdegi 415-sanlı buyrıǵı.

**Rektor** **O.A.Ataniyazova**

*2023-jıl 22-sentyabrdegi*
*159-sanlı buyrıǵına 2-qosımsha*

**Qaraqalpaqstan medicina instituti bilimlendiriw sapasın bahalaw kriteryaları**

| № | Indikator | Bahalaw dárejeleri |
|---|---|---|
| 1 | Studentlerdiń pıtırıw dárejesi (úyreniw dáwirindegi pitkeriwshi kurslar sanı alınadı ) | QMI na kirgen tiyisli kurs daǵı studentler sanın olardı pitirgen dáwirdegi sanına qatnası arqalı anıqlanadı.<br>90 % ten joqarı - 5 ball ;<br>80-89, 9 % - 4 ball ;<br>70-79, 9 % - 3 ball ;<br>70 % ten tómen - 2 ball ; |
| 2 | Studentlerdiń kurstan -kursqa ótiw dárejesi (úyreniw dáwirindegi kurslar alınadı ) | Tiyisli kurs daǵı studentler sanın keyingi kursqa ótken studentler sanına qatnası arqalı anıqlanadı.<br>90 % ten joqarı - 5 ball ;<br>80-89, 9 % — 4 ball ;<br>70-79, 9 % — 3 ball ;<br>70 % ten tómen -2 ball ; |
| 3 | Studentlerdiń akademik natiyjeliligi | QMI ndaǵı studentlerdiń ortasha ózlestiriw kórsetkishi:<br>90 -100 ball -5 ball ;<br>70-89, 9 ball - 3 ball ;<br>60 -69, 9 ball - 1 ball ; |
| 4 | Studentlerdiń qanaatlanıw dárejesi (sorawnama tiykarında) | Ulıwma ortasha baha :<br>Joqarı - 5 ball ;<br>Jaqsı - 4 ball ;<br>Qanaatlanǵan - 3 ball ;<br>Jaman -2 ball ;<br>Júdá jaman - 1 ball ; |
| 5 | Pitkeriwshiniń iskerlik dárejesi | Pitkeriwshilerdiń óz qánigeligi boyınsha jumısqa jaylasıw procenti: |

| | | |
|---|---|---|
| | | 90 % ten joqarı - 5 ball ;<br>80-89, 9 % — 4 ball ;<br>70-79, 9 % — 3 ball ;<br>70 % ten tómen -2 ball ; |
| 6 | Is beriwshilerdiń pikirleri (sorawnama tiykarında) | Ulıwma ortasha baha :<br>Joqarı - 5 ball ;<br>Jaqsı - 4 ball ;<br>Qanaatlanǵan - 3 ball ;<br>Jaman - 2 ball ;<br>Júdá jaman - 1 ball ; |
| **QMI kafedraları bilimlendiriw sapasın bahalaw kriteryaları** | | |
| 7 | Oqıw materialların jaratıw dárejesi | QMI kafedraları professor -oqıtıwshıları tárepinen ámeldegi oqıw kursları sanına salıstırǵanda baspa etilgen sabaqlıq hám oqıw qollanbalari esapqa alınadı. Eger:<br>70 % ten joqarı bolsa - 5 ball ;<br>50-69, 9%- 4 ball ;<br>30 -49, 9% - 3 ball ;<br>15-29, 9%-2 ball ;<br>15 % ten tómen - 1 ball tártibinde bahalanadı. Bunda sońǵı 5 jıldaǵı baspalar esapqa alınadı. |
| 8 | Professor - oqıtıwshılardıń ilimiy potenciali | Eger joqarı tálim shólkeminiń ilimiy potencialı :<br>70 % ten joqarı bolsa - 5 ball ;<br>55-69, 9 % - 4 ball ;<br>40 -54, 9 % - 3 ball ;<br>20 -39, 9 % - 2 ball ;<br>20 % ten tómen - 1 ball tártibinde bahalanadı. |

| | | |
|---|---|---|
| 9 | Oqıw xanaları hámde laboratoriyalar menen támiyinlengenlik jaǵdayı | Tiyisli tálim baǵdarlarında oqıwshı ulıwma studentler sanına oqıw xanaları hám de laboratoriyalar sanı qatnası tómendegishe bahalanadı:<br>60 danaǵa shekem bolǵan studentke 1 oqıw laboratoriya (xana) tuwrı kelse - 5 ball ;<br>61-100 dana studentke 1 oqıw laboratoriya (xana) tuwrı kelse - 4 ball ;<br>101-130 dana studentke 1 oqıw laboratoriya (xana) tuwrı kelse - 3 ball ;<br>131-160 dana studentke 1 oqıw laboratoriya (xana) tuwrı kelse - 2 ball ;<br>161 danadan artıq muǵdardaǵı studentke 1 oqıw laboratoriya (xana) tuwrı kelse - 1 ball. |
| 10 | Oqıw auditoriyalarınıń informacion-kommunikativ texnologiyaları menen úskeneleniw jaǵdayı | Ámeldegi oqıw auditoriyalarınıń proyektor yamasa elektron doska menen támiyinleniw dárejesi:<br>81-100 %-5 ball ;<br>61-80, 9%-4 ball ;<br>41-60, 9 %-3 ball ;<br>21-40, 9 %-2 ball;<br>20, 9 % hám odan tómen - 1 ball. |
| | Studentlerdiń qanaatlanıw dárejesi (sorawnama tiykarında) | Ulıwma ortasha baha :<br>Joqarı - 5 ball ;<br>Jaqsı - 4 ball ;<br>Qanaatlanǵan - 3 ball ;<br>Jaman -2 ball ;<br>Júdá jaman - 1 ball ; |
| Joqarıdaǵı bahalaw kriteryalarına qaray maksimal ball 50 balldı quraydı. Bunda 43 ball hám odan joqarı kórsetkishke iye bolǵan QMI kafedraları “joqarı tálim sapasına iye” (jasıl taypa ), 30 -42 ball - “jetkilikli tálim sapasına iye” (sarı taypa ), 30 balldan tómen nátiyje - “jaqsılanıwdı talap etedi” (qızıl taypa ) tártibinde juwmaq etiledi. | | |